



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Lekòl Elemantè Gerald Adams

Melissa Alsobrooks

5558 College Rd Key West FL 33040

Mwenmenm, Melissa Alsobrooks, nan dokiman sa a, mwen konfime tout enfòmasyon, chif ak reprezantasyon ki fèt nan aplikasyon sa a se laverite, yo egzat epi konfòm avèk deklarasyon asirans pou renonsyasyon sa yo. Mete sou sa, tout lwa, règleman ak pwosedi ki aplikab yo; egzijans administratif pou pwogram yo; ansanm ak pwosedi pou kontwòl fiskal epi pou kenbe dosye gen pou yo egzekite yon fason pou garanti bon jan responsabilite nan zafé depans ki fèt nan kad pwojè sa a. Tout dosye ki nesesè pou jistifye egzijans sa yo gen pou yo disponib pou manm pèsònèl apwopriye nan Eta a ak gouvènman federal la eggzamine. Mete sou sa, mwen konfime tout depans yo ap fèt apati dat antre an vigè oswa apre antre an vigè pwojè a epi anvan dat pou pwojè a fini an. Dekèsman yo gen pou yo deklare sèlman nan mezi kote yo apwopriye pou pwojè sa, epi yo p ap itilize pou fon kontrepati pou pwojè sa oswa nenpòt lòt pwojè espesyal, kote sa entèdi.

Asirans:

- Lekòl lan gen pou l dirije sou baz definisyon jiridik "angajman paran ak fanmi yo", jan sa defini nan Seksyon 8101 ESSA a, epi pwogram, aktivite ak pwosedi ta dwe mete sou pye an konfòmite ak definisyon sa.
- Lekòl la ap mennen aksyon sansibilizasyon pou tout paran ak manm fanmi yo, epi li ap mete sou pye yon seri pwogram, aktivite ak pwosedi nan objektif pou enplike paran ak manm fanmi yo nan tout pwogram Tit I, Pati A li yo an konfòmite ak Seksyon 1116 Lwa sou Reyisit Chak Elèv la (Every Student Succeeds Act, ESSA). Pwogram, aktivite ak pwosedi sila yo dwe planifye epi mete sou pye men nan men avèk paran timoun ki ap patisipe yo. [Seksyon 1118(a) ESSA].
- Lekòl la ap travay pou l garanti politik ki obligatwa sou kesyon angajman paran ak fanmi yo nan nivo lekòl la elabore sou baz sou-seksyon (b) a, chak lekòl ki desèvi nan kad pati sa ap devlope yon Angajman Kay-Lekòl ki dekri fason paran yo, tout manm pèsònèl la ak elèv yo gen pou yo pataje responsabilite a konsènan amelyorasyon rezulta eskolè elèv yo ak mwayen lekòl la ak paran yo ap itilize pou konstui ak devlope yon patenarya pou ede timoun yo rive atenn estanda Eta a ki wo. [Seksyon 1116(d) ESSA]
- Gras ak respè egzijans Tit I, Pati A a nan sa ki gen pou wè avèk angajman paran yo ak fanmi yo, lekòl la ap ofri nan mezi sa posib, tout possibilite yon fason pou paran ki pa fin metrize Anglè yo, paran ki gen andikap yo, ak paran timoun ki migran yo kapab patisipe, epitou, li ap bay enfòmasyon ak rapò eskolè ki obligatwa yo nan yon fòma paran yo kapab konprann epi ki nan yon sèl fòm, san wete lòt fòma si yo mande sa, epi nan mezi sa posib, li ap bay yo nan yon lang paran yo kapab konprann. [Seksyon 1116(e) (f) ESSA]
- Lekòl la ap enplike paran ak manm fanmi timoun ki ap resevwa sèvis nan kad pati sa nan desizyon ki gen rapò ak fason yo itilize fon ki rezève yo repati pou aktivite patisipasyon paran yo. [Seksyon 1116(3) ESSA]
- Lekòl la ap itilize fon ki rezève nan kad pati sa pou mennen aktivite ak estrateji ki konfòm ak politik angajman paran ak fanmi yo, jan sa dekri nan Seksyon 1116(3) ESSA a.



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Deklarasyon konsènan Misyon sou Angajman Paran ak Fanmi yo

Nan ki sans plan angajman paran ak fanmi yo se yon responsabilite ki pataje?

Kijan plan sa a kontribye nan bay tout moun ki ap aprann yo yon ansèyman ki gen bon jan kalite?

Nou pran angajman pou nou travay pou bay an kolaborasyon yon bon kalite anviwònman aprantisaj kote TOUT timoun ka aprann epi devlope nan maksimòm potansyèl yo.

Enplikasyon Paran ak Fanmi yo

Lekòl la ap enplike paran yo nan planifikasyon, egzamen ak amelyorasyon pwogram Tit I yo, epi sa enkli patisipasyon paran yo, epi nan pwoesisis desizyon yo sou fason fon angajman paran yo gen pou yo itilize:

Y ap envite epi ankouraje paran yo pou yo vin manm aktif Konsèy Konsilitatif Lekòl la (SAC). Nan premye reyinyon SAC la, yo pral bay paran yo enfòmasyon konsènan bidjè lekòl la san wete alokasyon Tit 1 an. Y ap bay paran yo opòtinite pou yo bay opinyon yo nan pwoesisis developman epi pran desizyon nan tout aktivite Tit 1 ki baze nan lekòl la kòm yon pati nan Pwoesisis Amelyorasyon Lekòl la. Nou genyen toude (2) reyinyon paran Tit 1. Premye a se pou enfòme paran yo konsènan sa yon lekòl Tit 1 vle di pou paran ak elèv yo. Nou gen yon dezyèm reyinyon ki fèt pou evalye pwogram nou an epi mande paran yo opinyon yo nan sezon prentan an anvan kòmansman pwoesisis pwogramasyon ak bidjè yo.

Paran yo ka ajoute pwen ki nan ajanda yo lè yo voye yon imèl bay administrasyon an oswa lè yo prezante pwen sa yo nan reyinyon SAC nou an. Paran ki pa kapab patisipe nan reyinyon nou yo ka jwenn aksè nan dokiman tankou ajanda, power points ak pwopozisyon sou sit entènèt nou an. Yo kapab tou antre nan reyinyon SAC a sou entènèt atravè yon lyen TEAMS ki poste epi voye yon mesaj anvan reyinyon an. Yo ka voye yon imèl oswa voye remak. Ajanda pou tout reyinyon yo afiche sou sitwèb GAE a epi yo voye yon imèl bay manm SAC yo anvan chak reyinyon.

Pandan ane eskolè 23-24 la, nou chanje fòma pou SAC kòmanse a 7:45 a.m. pou ankouraje paran yo pou patisipe pandan y ap depoze elèv yo. Se manm SAC ki ap patisipe yo ki vote sou lè reyinyon an.



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Kowòdinasyon ak Entegrasyon

Lekòl la ap kowòdone epi entegre pwogram ak aktivite Angajman Paran ak Fanmi sa avèk lòt Pwogram Federal yo, nan mezi kote sa posib ak apwopriye, pou aprann paran yo kijan pou yo ede timoun yo lakay yo:

	Pwogram	Kowòdinasyon
1	Sware Paran ELL (English Language Learner, K ap Aprann Lang Anglè) yo	Nou pral fè yon sware paran ELL antanke yon lekòl epi patisipe nan sware ELL distri nou an. Nou itilize tou Jounen Pòt Ouvè ak sware Alfabetizasyon tou kòm yon fason pou envite epi komuniké avèk paran yo.
2	Edikasyon pou Timoun Piti ak fanmi VPK yo (Voluntary Prekindergarten, Prematènèl Volontè)	Nou òganize yon K-Round Up an patenarya ak Tit I. Objektif la se pou adrese kesyon ak enkyetid akademik yo ki lye ak tranzisyon timoun yo nan Lekòl matènèl.
3	McKinney-Vento/CHIPS	Fanmi ki kalifye pou pwogram CHIPS yo jwenn resous ak sipò atravè konseye lekòl nou an ak edikatè paran yo. Yo ba yo envitasyon priyorite tou pou yo patisipe nan pwogram lesón patikilye apre lekòl 21yèm syèk nou an ki fonksyone 5 jou pa semèn.

Reyinyon Anyèl Paran yo (Sware Tit I)

Lekòl la ap òganize yon reyinyon chak ane nan objektif pou enfòme paran elèv ki patisipan yo konsènan pwogram Tit I lekòl la, nati pwogram Tit I an (asistans nan nivo lekòl la oswa èd ki sible), epi dwa paran yo genyen atravè aktivite sa yo:

	Pwogram	Moun ki Responsab la	Kwonoloji	Prèv Efikasite
1	Lekòl la ap òganize Reyinyon Anyèl Paran an pandan de (2) premye mwa lekòl la, epi l ap enfòme paran yo atravè imèl, sit entènèt, medya sosyal yo ak sistèm komunikasyon Blackboard nou an.	Melissa Alsobrooks (Direktè) / Kontak Tit I	14 Septanm 2023	Fèy Siyati, Prezantasyon PowerPoint ki sòti nan PFEC, Lis Verifikasyon Sware Tit I an, Tiliv Sware Tit I an.
2	Devlòpman yon ajanda pou Reyinyon Anyèl Paran yo.	Melissa Alsobrooks (Direktè) / Kontak Tit I	Septanm 2023	Ajanda ki Fini.
3	Devlope/planifye materyèl (prezantasyon, dokiman lekòl/distri) pou Reyinyon Anyèl Paran yo.	Melissa Alsobrooks (Direktè) / Kontak Tit I	Out – Septanm 2023	Kopi prezantasyon ki sòti nan Distri PFEC a, lis verifikasyon planifikasyon Sware Tit I an.



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

4	Fè piblisite epi fè paran yo konnen pa sit entènèt, medya sosyal, komunikasyon nan salklas ansanm ak sistèm komunikasyon Blackboard nou an.	Melissa Alsobrooks (Direktè) / Kontak Tit I	Out – Septanm 2023	Sit entènèt lekòl la, medya sosyal, komunikasyon nan salklas ansanm ak sistèm komunikasyon Blackboard nou an.
---	---	--	--------------------	---

Reyinyon Paran ki Fleksib

Kijan lekòl la gen pou l ofri opòtinité ki fleksib bay paran ak fanmi yo pou yo patisipe nan aktivite ak reyinyon ki òganize yo epi ki pèmanan?

Nou planifye reyinyon nan lè ki varye. Nou te mete reyinyon SAC nou yo a 7:45 a.m. pou pi byen koresponn ak orè paran yo, manm paran yo te vote sa pandan reyinyon SAC a. Nou mete tou yon lyen ki mennen nan yon envitasyon TEAMS vityèl pou paran ki pa kapab ale an pèsòn nan moman sa a. Tout peryòd ak ajanda yo afiche sou paj wèb Tit I Lekòl Elementè Gerald Adams nou an pou paran yo kapab revize.

Nou fè paran yo konnen evènman sa yo atravè metòd komunikasyon apwouve (medya sosyal, sit entènèt lekòl la, imèl, tiliv yo voye lakay, Blackboard).

Ranfòsman Kapasite – Aktivite/Atelye pou Paran ak Fanmi yo

Lekòl la ap mete aktivite ki vin apre yo sou pye yon fason pou ranfòse kapasite yon angajman pwospè bò kote paran ak fanmi yo, epi pou soutni yon patenarya ki etabli ant lekòl la, fanmi yo ak kominote a. Aktivite sa yo ap favorize reyisit elèv yo ak akonplisman akademik yo.

		Kontni ak Tip Aktivite	Moun ki Responsab la	Enpak yo Prevwa sou Randman Elèv la	Kwonoloji	
1		Rankont Anyèl Tit I avèk Jounen Pòt Ouvè	Melissa Alsobrooks (Direktè), Kontak Tit I	Ogmante angajman paran yo nan fason pou amelyore siksè elèv yo nan ankouraje koneksyon lakay ak nan lekòl.	Out/septanm 2023	F



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

	2	Sware Alfabetizasyon	Donna Miller	Ogmante pèfòmans nan ELA gras ak eksposizyon nan lekti ak literati	Novanm/Desanm 2023	Fèy e ogma
	3	Nwit STEM	Melissa Alsobrooks/ Kontak Tit I	Ogmante pèfòmans nan Syans ak Matematik ak devlopman pwojè elèv yo. Ranfòse koneksyon paran ant lekòl ak lakay ou.	Novanm/de sanm 2023	Fèy e ogma
	4	Nwit ELL	Melissa Alsobrooks	Ogmante patisipasyon paran EL yo	Janvye/ Fevriye/ Mas 2023	Fèy e foto
	5	Pri Sipè Tablo Onè Chak Trimès	Melissa Alsobrooks	Ogmante patisipasyon paran yo nan lekòl la atravè selebrasyon siksè elèv yo	Oktòb, Janvye, Mas epi Me 2023 - 2024	Fèy e sou n
	6	Konferans Paran Pwofesè Tit I	Pwofesè	Anseyan travay an kolaborasyon ak paran yo pandan 1ye trimès pou pwograme konferans pou diskite sou pwogrè elèv yo	Septanm 2023	Fèy e
	7	Pri Fen Ane	Melissa Alsobrooks	Yo envite paran yo pou selebrasyon fen ane a pou rekonèt siksè elèv yo	ME 2024	Fèy e lèt po
	8	Kanalval Otòn	Melissa Alsobrooks	Yo envite paran yo ale nan aktivite yo bay elèv yo nan lakou nou an pou rekonpanse konpòtman pozitif elèv nou yo	Oktòb 2023	Fèy e lèt po



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

9	Kanaval Prentan	Melissa Alsobrooks	Yo envite paran yo ale nan aktivite yo bay elèv yo nan lakou nou an pou rekonpanse konpòtman pozitif elèv nou yo	Avril 2024	Fèy e lèt po
10	Jou Dofen	Ashley Henriquez	Evènman elèv ki konsantre sou pwomouvwa yon vi ki bon sante aktif, yo envite paran yo asiste pou yo ka ankouraje elèv atlèt yo	Avril 2024	Fèy e lèt po
11	Tou ak yon moun ou Renmen	Melissa Alsobrooks	Yo envite paran yo pou patisipe nan mache oswa kouri nan maten ak elèv yo pou selebre jou granparan yo ak chwa ki bon pou sante	Septanm 2023	Fèy e lèt po
12	Turkey Trot	Melissa Alsobrooks	Yo envite paran yo pou patisipe nan mache oswa kouri nan maten ak elèv yo pou selebre Thanksgiving ak chwa ki bon pou sante	Novanm 2023	Fèy e lèt po
13	Reyinyon SAC	Melissa Alsobrooks	Reyinyon kolaboratif ak paran yo chak mwa pou diskite sou biznis lekòl la epi planifye evènman alavni avèk opinyon paran yo	Chak mwa- 8:00am 2023-2024	Fèy e



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Fòmasyon pou Manm Pèsonèl

Lekòl la ap pwopoze aktivite devlòpman pwofesyonèl ki vin apre yo pou edike epi soutni pwofesè ak manm pèsonèl lekòl la sou fason pou rive fè kontak avèk paran ak fanmi yo, pou kominike avèk yo, epi pou travay avèk yo antanke patnè ki egalego.

Kontni ak Tip Aktivite	Moun ki Responsab la	Enpak yo Prevwa sou Randman Elèv la	Kwonoloji	Prèv Efikasite
Fòmasyon PFE 1: Kontak Pèmanan: Estrateji pou Koneksyon	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Pi bon pratik ak resous adisyonèl pou kominike avèk paran yo epi enlike yo pandan Ane Eskolè a. Sa ap pèmèt vin gen relasyon ki pi solid ant paran ak pwofesè yo, paran ki plis enlike epi yon pi bon reyisit bò kote elèv yo.	1ye Trimès/2yèm Trimès 2023	Ajanda, repons evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo
Fòmasyon PFE 2: Liy Asistans pou Lang	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi nan Distri a	Lè manm pèsonèl la pi byen konnen sèvis tradiksyon nou yo yon fason pou pi byen kominike avèk gwo kantite fanmi nou yo ki pa pale Anglè, sa ap gen yon enpak pozitif sou elèv yo.	Janvye 2024	Ajanda, repons evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo
Fòmasyon PFE 3: TBD (dwe detèmine)	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi yo ap evalye domèn sipò ki pi nesesè yo epi li ap bay yon fòmasyon ki koresponn avèk yo pou ede lekòl yo fè plis efò nan kesyon angajman paran ak fanmi yo.	Kowòdonatè Angajman Paran ak Fanmi yo ap evalye domèn sipò ki pi nesesè yo epi li ap bay yon fòmasyon ki koresponn avèk yo pou ede lekòl yo fè plis efò nan kesyon angajman paran ak fanmi yo.	Avril 2024	Ajanda, repons evalyasyon/sondaj, fèy prezans, Prezantasyon videyo

Lòt Aktivite

Lekòl la ap òganize yon seri aktivite, li ap mete resous disponib pou fanmi yo, epi li ap founi ankourajman ak sipò pou fanmi yo, yon fason pou yo kapab pi byen patisipe nan pakou edikatif pitit yo gras ak:

Lekòl la itilize Sant Resous Paran li a pou reyalize sa ki annapre yo:

- Fè lekòl la yon kote ki aksesib, san danje, epi amikal pou paran yo ak manm kominote yo ka rasanble.
- Amelyore komunikasyon ant fanmi yo epi ant lakay ak lekòl la.
- Pwomote yon pi gwo konpreyansyon miltikiltirèl nan mitan fanmi lekòl la.
- Demontre paran yo byen akeyi lekòl la.
- Sèvi kòm yon sant pou pwomouvwa edikasyon paran lè yo konekte fanmi ak resous kominotè epi fè yon pakèt aktivite patenarya lakay-lekòl ki amelyore aprantisaj elèv yo.



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

- 6) Kowòdone sèvis volontè paran ak kominotè ki disponib pou pwofesè yo ak lekòl la.
- 7) Edike paran yo sou resous Tit I ak enfòmasyon.

Nou pral ankouraje paran yo sèvi ak Sant Resous nou an nan fasilité aktivite enpòtan nan espas sa a. Men kèk egzanp: Ranpli fòm manje midi lekòl sou entènèt, asistans ak aplikasyon gouvènman an ak sipò ijans. Nou kwè yonfwa paran vizite li epi yo wè li itil, yo pral plis vle itilize resous ki disponib yo.

Nou fè omwen yon aktivite angajman paran/fanmi pa trimès pou ranfòse angajman paran paske nou espere montre fason yo ka ede pitit yo nan vwayaj pedagijik yo.

Lekòl nou an kominike enfòmasyon enpòtan regilyèman ak paran yo atravè paj Facebook lekòl nou an, sitwèb, *marquee* lekòl la, mesaj *Blackboard Connect* yo, epi tiliv nan plizyè lang. Anpil nan salklas nou yo itilize Class Dojo tou pou kominike dirèkteman ak fanmi yo.

Kominikasyon

Lekòl la ap bay paran timoun ki ap patisce yo enfòmasyon nan BON MOMAN konsènan pwogram ak aktivite Tit I yo:

Tout komunikasyon ak paran yo fèt atravè sit entènèt nou an, rezo sosyal oswa sistèm koneksyon blackboard la. Nou itilize tou *marquee* elektwonik nou an pou mete aksan sou dat ak evènman yo. Reyinyon anyèl Tit I nou an te fèt an konjonksyon avèk evènman Jounen Pòt Ouvè (Vizit Lib) anyèl nou an nan kòmansman ane lekòl la. Nou te bay dokiman enprime ansanm ak yon vidyeo enfòmasyon pou paran yo kòmanse aswè a. Nou fè omwen yon aktivite angajman paran/fanmi pa trimès. Tout sa yo se evènman yo afiche sou sit entènèt nou an, rezo sosyal nou yo ak atravè sistèm komunikasyon *Blackboard* nou an, memm jan ak aksan nou mete sou *marquee* nou yo.

Kominikasyon (suit)

Nou ap pataje dekripsiyon ak eksplikasyon sou pwogram akademik yo, fòm evalyasyon akademik nou itilize pou mezire pwogrè elèv yo ak nivo konpetans elèv yo dwe atenn yo, pa mwayen:

Enfòmasyon sou kourikoulòm yo pataje sou sitwèb distri a pandan n ap itilize yon kourikoulòm estanda atravè distri a nan chak nivo klas. Yo pataje done pèfòmans elèv yo atravè Pòtal *Family Reporting* ki lye ak evalyasyon STAR ak FAST yo. Rapò detaye paran yo disponib atravè pòtay rapò ki eksplike nivo siksè elèv yo. Nou itilize plan Amelyorasyon Lekòl nou an pou fikse objektif nou yo ki baze sou nivo aktyèl elèv elèv yo ak pèfòmans nou espere nan fen ane a. Yo pataje SIP a nan reyinyon SAC nou an epi yo diskite/revize objektif yo dapre opinyon SAC. N ap fè paran yo konnen lè yo fè mizajou kourikoulòm ak tès yo atravè metòd komunikasyon nou apwouve yo.



SCHOOL-LEVEL PARENT AND FAMILY ENGAGEMENT PLAN

2023-2024

Kominikasyon (kontinye)

Posibilite pou òganize yon seri reyinyon regilye yon fason pou bay sijesyon epi pou patisipe, lè sa apwopriye, nan desizyon ki gen rapò ak edikasyon ptit yo;

Reyinyon SAC yo fèt chak mwa pou mete ansanm opinyon paran/fanmi. Reyinyon yo fèt an pèsòn ak opsyon pou patisipe sou entènèt. Yo toujou envite paran yo pou yo vin nan lekòl la pou diskite sou enkyetid yo atravè konferans paran yo ki fèt nan premye trimès la pou tout elèv yo epi apre chak demann paran oswa pwofesè yo. Nou afiche tout estrateji angajman/patisipasyon paran yo sou sit entènèt nou an anba onglè paran yo ak onglè SAC a pou paran yo ka fè referans ak pwogram reyinyon yo ak nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan.

Kominikasyon (kontinye)

Yon mwayen pou dokimante kòmantè/preyokipasyon paran yo konsènan Plan Amelyorasyon nan Tout Lekòl la /Plan Amelyorasyon Lekòl la (Schoolwide Improvement Plan/School Improvement Plan, SIP) ansanm ak Plan Angajman Paran ak Fanmi yo (Parent and Family Engagement Plan, PFEP), lè yo pa satisfè paran timoun ki ap patisipe yo. Lekòl la ap enkli yon dokimantasyon sou kòmantè/preyokipasyon/kesyon paran yo avèk plan an ki ap mete disponib pou ajans edikasyon lokal la (Local Education Agency, LEA):

Nou itilize plan Amelyorasyon Lekòl nou an pou fikse objektif nou yo ki baze sou nivo aktyèl elèv yo ak pèfòmans nou espere nan fen ane a. Yo pataje SIP a nan reyinyon SAC nou an epi yo diskite/revize objektif yo dapre opinyon SAC.

Nou ap note prèv konbribisyon paran yo, pami yo kòmantè ki montre yo pa satisfè yo, epi nou ap soumèt yo bay biwo Distri Tit I an nan kad pwosesis Plan Angajman Paran ak Fanmi an.

Aksesiblité

Lekòl la ap ofri tout opòtinite k ap pèmèt patisipasyon nan aktivite angajman paran ak fanmi yo pou tout fanmi yo (pami yo paran ki pa fin konprann Anglè yo, paran ki gen andikap yo, paran ki migran yo, epi ki gen timoun ki sanzabri):

Nou gen yon edikatè paran nan pèsonèl la ki travay ak fanmi nou yo. Li travay pou tradui epi entèprete nan evènman, reyinyon, elatriye. Nou itilize tou yon sèvis tradiksyon, Liy Asistans pou Lang, ki itilize pou komunikike ak fanmi ki pa pale Anglè tou. Sistèm komunikasyon *Blackboard* nou an kapab tradui mesaj nan divès lang. Nou voye tou anons lakay, komunikasyon epi tiliv bay fanmi nan lang Panyòl epi Kreyòl Ayisyen lè sa apwopriye.